

ALTI'N MIYRAS

Tilewbergen JUMAMURATOV

# U'Y QASI'NDA SARI' TAL

TILEWBERGEN JUMAMURATOV

# U’Y QASI’NDA SARI’ TAL



NO’KIS
«BILIM»
2015

UOK 616.577 (075)
KBK Qar 5
J—93

Tilewbergen Jumamuratov. U'y qasi'nda sari' tal. No'kis, «Bilim» baspasi'. 2015-ji'l. 16 bet.

UOK 616.577 (075)
KBK Qar 5
J—93

Ko'len'kesi sarqi'lmay,
Do'nip turar alti'nday.
Jaz ku'nine jarasti',
Ha'zlik berdi tal asti'...

Bul—haqi'yqat. Shi'ni'nda da, shayi'rdi'n' Zuxra atli' perzenti na'lden yekken sari' tal u'lken sayamanli' daraqqa aylang'an. Tal—bul shan'araqti'n' simvoli' kibi.

Kitapqa shayi'rdi'n' alti'n miyraslari'nan yen' kishkenelerimizge arnalg'an «U'y qasi'nda sari' tal» qosi'g'i', «Qarli'g'ash, mi'lti'qshi' ha'm Ji'lan» yertegi ha'm jumbaqlari' kirgizildi.

***Baspag'a tayarlag'an*** M. Jumamuratova

ISBN 978-9943-4432-8-0 © «Bilim» baspasi', 2015.

# U'Y QASI'NDA SARI' TAL



Kip-kishkene Zuxrajan,
Tawi'p ali'p daladan.
Ali'p keldi shi'bi'qti',
Quwang'ani' qi'zi'qli'.

Tompan'-tompan' ju'redi,
Woni' qaydan biledi:
—Papa, buni'y yek!—deydi,
Yerkeleydi, ketpeydi.



Qarap-qarap ja'n-jaqqa,
Qol silteydi sharbaqqa.
—Toqta!—desem, qoymaydi',
—Ju'r!—dep meni zorlaydi'.

Shi'bi'q sari' tal yeken,
Tami'ri' da bar yeken.
Men jer qazdi'm, wol tikti,
Tal shi'g'ardi' bu'rtikti.



Ko'rip turi'p ku'n sayi'n,
Suw quydi' wol ha'rdayi'm.

* * *

To'rt ji'l wo'tti aradan,
Wo'tken-ketken ha'r adam,
Qarap wo'ter sol taldi',
Japi'raq jayi'p i'rg'aldi'...

Wo'sti basqa daraq ta,
Tal ayri'qsha, biraq ta.
Boyi'n sozdi' a'lemge,
Tami'r jaydi' teren'ge.

Ko'len'kesi sarqi'lmay,
Do'nip turar alti'nday.
Jaz ku'nine jarasti',
Ha'zlik berdi tal asti'.



Zuxra ha’zir mektepte,
To’rtinshige wo’tpekte.
Mug’allimi Sara da,
Qon’si’ bizin’ arada.

Sha’kirt yekken daraqti’,
Zeyin sali’p qarapti’.
Tikpek bolsan’ sari’ tal,
Shaqasi’nan kelip al!

*1959-ji’l 10-aprel.*

# QARLI'G'ASH, MI'LTI'QSHI' HA'M JI'LAN

*Yertek*



To'besinde shertektin',
Qi'zi'l tumsi'q, mami'q ju'n.
Jan'a kelgen du'nyag'a,
Palapanlar uyada!

Masayraydi' sharq uri'p,
Woynaqshi'ydi' talpi'ni'p.
Mo'ldir ko'zli wo'n'key jas,
Yerkeleter qarli'g'ash.

Awzi' menen suw tasi'p,
Awqat berse talasi'p.
Awzi'n ashar palapan,
Na'ha'r alar anadan.

Ba'rinin' de kewli toq,
Qa'wip-qa'ter yadta joq.



* * *

Ji'lan jerde jalaqlap,
Bi'lg'ap basi'n alaqlap.
To'besine qaradi',
Uwli' tilin jaladi'.

«Jumsaq yetli palapan!
Tez wo'rmelep baraman.
Jesem ba'rin kemirip,
Keter yedim semirip»—

Dep ji'lman'lap ko'rgen gez,
Wo'rmeledi tezbe-tez.
Ushi'p kelse qarli'g'ash,
Kiyati'r dushpan qani' qas!



Shorshi'p ketti ko'riwden,
Qayta ushti' keliwden.
Tag'i' keldi asi'g'a,
Uyasi'ni'n' qasi'na.

Mi'lti'qshi'ni' jasi'rdi',
Si'bi'rlap is tapsi'rdi'.
Jaqi'nlap keldi uw ji'lan!
Jabi'rlasi'p palapan.

Woylamastan dushpan dep,
Shu'ykildeser yerkelep.
Qashpasi'n ji'lan biledi,
Shaqaq ati'p ku'ledi.



—Uyadag'i' qarli'g'ash,
Kel aldi'ma qushaq ash!
Wori'nli' isti bilmeysen',
Nege sa'lem bermeysen'?

Kiyati'rman qonaqqa,
Toydi'r da'rhal tamaqqa! —
Dedi ji'lan ji'lman'lap,
Kele berdi suwman'lap.

Qarli'g'ash aytti' ji'lang'a:
— Shaqi'rmay keldin' bulmang'a.
Jaqi'n barsam shag'asan',
Jazi'qsi'z gu'na tag'asan'.

Sag'an qayi'm awqat joq,
Tabi'wg'a woni' shaqat joq.
Sebebi, sag'an kerek qan,
Wol joq, qayt tez joli'n'nan.

Jaqi'nlama juwi'qqa,
Za'ha'rin'di juwi'tpa!...
Ji'lanni'n' keldi qa'ha'ri,
Qi'zdi' haram za'ha'ri:

— Sen kim menen woynaysan',
Meni kim dep woylaysan'!
Da'regi mine awqatti'n'
Sen bermesen', men tapti'm.



Uyan'da toli' palapan,
Solardi' jep alaman! —
Dedi qanqor na'psiqaw, —
Wo'mirge qarsi', arsi'z jaw.

Taqali'p keldi shag'i'wga,
Az qaldi' qan ag'i'wg'a!
Qarli'g'ash yendi i'm qaqti',
Mi'lti'qshi' urdi' ti'rnaqti'.

Ko'zin woyi'p aladi'.
Si'lq yetip ji'lan quladi'.



Kelip yedi ga'rdiyip,
Wo'lip qaldi' sa'rriyip!

* * *

Wo'lse wo'mir dushpani',
Ayap bolmas hesh woni'!

*1953-ji'l.*

# JUMBAQLAR



Ayaq-qolsi'z domalaq,
I'laqti'rsan', jumalap.
Tamashag'a batasan',
Sharshag'ansha quwalap.

Wo'l ne wo'zi, ayti'p ber,
Uslap al da qayti'p ber.

(top)



Qarmaqtay yeki ayag'i',
Tumsi'g'i'nda tayag'i'.
To'besinde gu'li bar,
Alabajaq tu'ri bar.

Ko'p ji'rlaydi' ba'ha'rde,
Qosi'q aytqan ma'ha'lde.
Ju'zin to'men buradi',
Basi'n yekshep turadi'.

(Wo'pepek)



Ayag'i' qara, g'arg'aday,
Basi' qi'zi'l almaday.
Moyni' ala, to'si aq,
Ayqi'shlang'an torqaday.

Shubar, jumsaq shapani',
Ko'l menen ten'iz ma'kani'.
G'arqi'ldap jazda ku'ledi,
Qi'sta uzaq sapari'.

(Almabas u'yrek)

Turpati' tek kesektey,
Dawi'si' ba'lent yeshektey.
Ko'zi jumi'r woymaqtay,
Ayag'i' tarrash barmaqtay.

Ko'l shetinde tarbi'yi'p,
Woynaqshi'ydi' mardi'yi'p,
Ku'ni-tuni tuwlasi'p,
Qosi'q aytar shuwlasi'p.



(Qurbaqa)

Bir haywan bar yesikte,
Qarawi'lli'q ka'sipte.
Tani'slari'n qi'ynamas,
Tani'masi'n si'ylamas.

Da'pinip awzi'n ashadi',
Qarsi'lassan' qashadi'.
Umti'lar tag'i' baqi'ri'p,
Tuqi'mlasi'n shaqi'ri'p.

Shuwlasi'p dabi'l qag'adi',
Dalada mal da bag'adi'.
U'yrenisken adami'—
Woni'n' dosti' mudami'.

Hadal xi'zmet yetedi,
Kewlin'e jetedi.



(Iyt)

Yesikte turg'an bir saqshi',
Wo'z isine ja'p-jaqsi'.
Ji'lji'maydi', ju'rmeydi,
Kisige zat bermeydi.

Ayag'i' joq, ko'zi joq,
So'yleytug'i'n so'zi joq.
Suw iship, tamaq jemeydi,
«Men sharshadi'm» demeydi.

Woynamaydi', ku'lmeydi.
Qorqi'wi'n'di' bilmeydi.
Kim kelse de qashpaydi',
Ursan' da hesh saspaydi'.

Kishkene dosti' bolmasa,
Basqag'a yesik ashpaydi'.



(Qi'li'p ha'm gilt)



**TILEWBERGEN JUMAMURATOV**

# U'Y QASI'NDA SARI' TAL

«Bilim» baspasi'

No'kis — 2015

Redaktori' *S. Baynazarova*
Xudojnik *G. Qabulbekova*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Operatori' *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AI № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**

Basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 12.06.2015-j. Formati' 84x108$^1/_{16}$. Kegl 14. Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 1,0 baspa tabaq. 1,68 sha'rtli baspa tabaq. 0,88 yesap baspa tabaq. Buyi'rtpa №446. Nusqasi' 2100 dana.

«Bilim» baspasi', 230103. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

**Elektron ma'nzil:** bilim.baspa@bk.ru

JSHJ «NISO POLIGRAF»i'nda basi'p shi'g'ari'ldi'.
Tashkent oblasti', Orta Chi'rchi'q rayoni' «Oq ota» KFY, p.Mashal, Markaz ko'shesi, 1.



«BILIM»

ISBN 978-9943-4432-8-0
9 789943 443280